Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Septanm 2016

Chè Paran oswa Responsab :

Pitit ou a <<School Name>> (<<School DBN>>) nan yon lekòl Depatman Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) idantifye kòm yon Lekòl kote toujou gen deplozay *Persistently Dangerous School (PDS)*. Akoz tit sa a, dapre lwa federal 2001 Okenn timoun pa dwe rete dèyè *No Child Left Behind* (NCLB), ou gen opòtinite pou mande yon transfè pou pitit ou a ale nan yon lekòl yo pa idantifye kòm PDS.

Tanpri pale avèk direktè a ak estaf nan lekòl pitit ou ye a konsènan amelyorasyon y ap fè nan lekòl la pou yo reponn pwoblèm lan. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City Department of Education (NYCDOE) pran angajman pou l ofri yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite pou tout elèv.

Pou mande yon transfè, tanpri rele 718-935-2439 pou pi ta **6:00 p.m.**, **Vandredi 7 oktòb 2016**. Lè w rele pou mande yon transfè, tanpri bay nimewo idantifikasyon elèv la kise <<Student ID>>. Aplikan ap resevwa yon lèt pa lapòs sou desizyon yo pran nan fen mwa oktòb. Pwosesis transfè sa a pa obligatwa, epi pitit ou a ka rete nan lekòl li ye a.

Nou pa garanti òf pou transfè, epi transfè baze sou kantite plas disponib atravè yon pwosesis lotri oaza. Nou pa garanti mwayen transpò nan yon nouvo lekòl. Pou plis enfòmasyon sou jan yo deside òf transfè, ak sou règleman/prensip pou mwayen transpò, tanpri li dokiman ki rele Kesyon Moun Poze Souvan *Frequently Asked Questions* (FAQ) nou mete nan lèt sa a.

Si w gen kesyon sou lèt sa a, tanpri ale nan www.nyc.gov/schools/PSC kontakte Biwo enskripsyon nan 718-935-2439, Lendi rive Vandredi, apati 8 a.m. pou 6 p.m. oswa imèl nclb_psc@school.nyc.gov.

Avèk senserite,

Arnab Banerjee
Direktè *Public School Choice*
Biwo Enskripsyon Elèv

Sample document
Not For Use